

DLO AK ENDISTRI:

- 15 -

Nan syèk sa a menm, levolisyon pran dlo a, li transfòme-l an enèji, tankou Pelig. Li fè de gran baraj; e kouran dlo rivyè, kouran dlo flèv, ap fè vire ak rapidite, de gran aparèy ki ap devlope elektrisite.

Elektrisite konsa tankou nan Pelig, kapab bay limyè pou klere de gran vil tankou Pòtoprens, kote tou, elektrisite ap fè mache e tounen anpil, anpil gwo izin kou Jebo isit, kote nou wè si, rabotez, moulen mayi e yon kantite lòt bagay ap fonksyonnen pa mwayen elektrisite. Se kòm si nou ta di moun ansyen sa yo te wè te prevwa o milye yon flèv, yon rivyè yon parèy transfòmasyon pou denmen: sètadi nan etap nou ye la a nètman.

Se ankò dlo ki sèvi kote ki ap fè konsèy, pat tomat, V8, bwason gazez, tèl ke kola e anpil lòt bwason.


DLO E LOKOMOSYON:

Lè nou koumanse wè dlo ak endistri, ak envansyon lèzòm, nou remake de gwo bato ki te mache a la vapè: Se sa ki fè yo rele bato sa yo bato a vapè. Vapè dlo a fè mache de gwo tren tou, parèy avèk sa nou wè k'ap charye kann bò bodmè Pòtoprens.

DLO E LAGRIKILT:

Nou wè ankò de gran kaptaj ki fèt, pou mennen dlo a a travè de chan pou awozaj; se sa yo rele irigasyon. E byen dlo menm li pou plant, otan ke san vo pou lanimal. Si jaden pa jwenn dlo, sètadi lapli ak irigasyon li pa fouti bay okenn pwodiksyon.

I
R
I
G
A
S
Y
O
N



DLO E LATIZANA:

- 16 -

Se ankò dlo ki pèmèt nou melanje materyo tankou sab ak siman, pou nou fè mòtye pou konstwi kay, e bati de gran vil, kòm Pòtoprens, Kap, Jeremi, tout kote nou wè bèl katedral St-Lwi.

DLO E SANTE:

Si nou vle konsève nou an bonn sante, se pou nou etabli yon liy etwat avèk dlo. A pa ke nou bezwen li pou nou bwè, men osi nou bezwen li pou nou benyen, fè twalèt nou chak maten, chak moman nou santi kò nou sal ak pousyè. Moun ki benyen souvan nan dlo, po li fre paske li fè ijyenn po-l. Li toujou byen pòtan, li gen bonn min. Menm bèt tou yo bezwen benyen nan dlo, e sa fè yo ge. Benyen souvan se siye bonn sante. Sonje tou pou nou bwè dlo pwòp, dlo sous, e pa bliye jete yon kou dèy bò kote seksyon medikal ap pote mesaj pou nou wè kijan pou trete dlo si nou sispèk li pa potab ou konfòm. E se pou ou konbat enmi dlo tou.

PI GRAN ENMI DLO:

Pi gran enmi dlo, se engredyan, vye dechè òganik chaje basiy ki ajan polisyon. Se pa bon di tou pou okenn izin devèse dechè, vidanje nan kou yon rivyè, ou bò kote sous ap koule. Se mye ke yo devèse vidanj nan yo, nan yon fòs prepare pou sa.

